



SCHOOL BOARD OF POLK COUNTY

P.O. BOX 391
BARTOW, FLORIDA 33831

(863) 534-0500

1915 SOUTH FLORAL AVENUE
BARTOW, FLORIDA 33830

20 out 2015

Board Members

BOARD CHAIR
DICK MULLENAX
DISTRICT 4

HUNT BERRYMAN
DISTRICT 1

LORI CUNNINGHAM
DISTRICT 2

HAZEL SELLERS
DISTRICT 3

KAY FIELDS
DISTRICT 5

LYNN WILSON
DISTRICT 6

TIM HARRIS
DISTRICT 7

C. WESLEY BRIDGES, II
General Counsel

Administration
KATHRYN M. LeROY
Superintendent

Chè Paran/responsab Elèv:

Objektif lèt sa a se pou fè w konnen lekòl nan Depatman Polk la yo ap ba w enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesè ak asistan pwofesè nan lekòl pitit ou san pèdi tan lè gen demann ki fèt pou sa.

Lalwa federal ba w dwa pou jwenn yon seri enfòmasyon konsènan pwofesè ak asistan pwofesè k'ap bay pitit ou pen lenstriksyon.

Ou gen dwa pou w mande enfòmasyon sa yo:

- Nan ki branch pwofesè a gen sètifika nan Florid e,
 - ✓ Si pwofesè a ap anseye nan branch lan oswa si l kalifye dapre kritè Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la.
 - ✓ Si pwofesè a satisfè kondisyon pou l gen lisans nan Eta Florid epi matyè pwofesè a ap anseye a.
 - ✓ Si pwofesè a ap anseye nan ka dijans oswa lòt kondisyon kote yo pase kondisyon kalifikasyon lisans lan pou li.
 - ✓ Nan ki branch li gen bakaloreya li e nenpòt lòt sètifika oswa degre inivèsite li genyen, epi nan ki branch li gen degre oubeyn sètifika a.
- Kalifikasyon nenpòt asistan pwofesè k'ap bay pitit ou sèvis.

Y'ap ekri w pou fè w konnen si yo konfyè aprantisaj pitit ou a pandan plis pase kat (4) semèn youn dè lòt bay yon pwofesè ki pa satisfè kondisyon pwofesè ki gen anpil kalifikasyon ki rele "Lalwa Pa Dwe kite okenn Timoun Dèyè a". Ou ka jwenn enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesè e/oswa asistan pwofesè pitit ou a nan men direktè lekòl li a.

Anplis, lekòl pitit ou ap bay enfòmasyon sou nivo siksè pitit ou nan egzamen leta yo. Enfòmasyon sa a ap disponib nan lekòl pitit ou a.

Tanpri rasire w lekòl nan Depatman Polk la yo dedye yo nan bay pitit ou yonj edikasyon kalite. Si w ta renmen resevwa nenpòt nan enfòmasyon sa yo, tanpri ekri lekòl pitit ou a pou w mande sa.

Sensèman,

Kathryn M. LeRoy
Enspektè